

25 mas

(Jezi di :) Renmen lènmi nou. Fè byen pou moun ki rayi nou. Beni moun ki modi nou. Priye pou moun ki maltrete nou. Lik 6. 27, 28

Piga nou kenbe frè nou nan kè. Levitik 19. 17

Lanmou fas ak rayisman

“Rayisman se premye lènmi lanmou, sila ki parèt pi klè a tou. Rayisman fè kè moun vin di. Li tèlman kole ak soufrans avèk kòlè nou, li fè nou voye lòt yo jete tankou si yo pa te moun. Rayisman fè lespri nou vin defigire. Piga nou janm bese ba devan tantasyon pou nou gen rayisman” (*Martin Luther King*).

“Si nou te ka li istwa sekrè lènmi nou yo, nou t ap jwenn anpil lapenn ak soufrans pou nou dezame tout ostilite nou” (*H.W. Longfellow*).

Jezi mande nou ankò pou nou abandone rayisman. Li di nou pou nou renmen lènmi nou, pou nou priye pou yo, pou nou padone yo. Men, ki kote nou ka jwenn fòs pou fè sa? Lè nou kwè nan li. Tout moun ki fèt yon dezayèm fwa gen nan li lavi Bondye e li gen kapasite pou li imite modèl li, ki se Jezi. Non sèlman Li te anseye nou pou nou renmen lènmi nou yo, men Li menm Li te ba nou yon egzanp ki pafè, sitou nan moman kote yo t ap kloure L la, Li te priye pou moun ki t ap kloure L yo.

Se pa nan yon lanmou ki pasif, ki kite moun ap mal-mennen nou san nou pa di anyen, Jezi envite nou. Afwontè lòt la ka fè pati de lanmou nou dwe genyen pou li an. Pandan jijman Jezi a, lè youn nan gad yo te frape l nan figi, Jezi pa t reyaji fas a vyolans lan, men Li te mete gad la devan pwòp responsablite l: “Si mwen mal pale, temwaye kisa ki mal la. Men, si mwen byen pale, poukisa w ap frape m nan?” (Jan 18. 23). Pandan Li envite gad la pou li pran konsyans pou zak lenjistis sa a, Jezi te renmen l. Se nan yon lanmou ki sanble ak pa li an, Jezi rele nou jodi a.

25 mars

(Jésus a dit :) Aimez vos ennemis ; faites du bien à ceux qui vous haïssent ; bénissez ceux qui vous maudissent ; priez pour ceux qui vous injurient. Luc 6. 27, 28

Tu ne haïras pas ton frère dans ton cœur.

Lévitique 19. 17

L'amour face à la haine

“La haine est le premier ennemi de l'amour, le plus évident aussi. La haine durcit le cœur. Elle se cramponne à notre souffrance et à notre colère de telle sorte que l'autre est rejeté comme inhumain. La haine défigure notre esprit. Ne succombez jamais à la tentation de devenir amer” (*Martin Luther King*).

“Si nous pouvions lire l'histoire secrète de nos ennemis, nous y trouverions assez de peine et de souffrance pour désarmer toute notre hostilité” (*H.W. Longfellow*).

Jésus nous demande davantage que d'abandonner notre hostilité. Il nous dit d'aimer nos ennemis, de prier pour eux, de leur pardonner. Mais où trouver la force pour cela ? En croyant en lui. Tout homme né de nouveau possède la vie divine et la capacité d'imiter son modèle, Jésus. Non seulement il nous a enseigné à aimer nos ennemis, mais lui-même nous a donné un exemple parfait, en particulier au moment où, crucifié, il a prié pour ses bourreaux.

Ce n'est pas à un amour nécessairement passif, qui se laisse malmener sans rien dire, que Jésus nous invite. Affronter l'autre peut faire partie de l'amour que nous lui devons. Pendant le procès de Jésus, lorsque l'un des gardes l'a frappé au visage, Jésus n'a pas réagi à la violence, mais il a placé le garde devant sa propre responsabilité : “Si j'ai mal parlé, rends témoignage de ce qui est mal ; mais si j'ai bien parlé, pourquoi me frappes-tu ?” (Jean 18. 23). En invitant le garde à prendre conscience de l'injustice de son acte, Jésus l'aimait. C'est à un amour semblable au sien qu'il nous invite aujourd'hui.